



2011 desanm

Chè Paran/ Chè Gadyen:

Depatman edikasyon vil Nouyòk (DOE) resevwa fòm RFT G&T (fòm admisyon nan ane akademik 2012-2013. Egzamen yo ap fèt ant 3 janvye ak 10 fevriye 2012.

Y ap bay elèv matènèl rive 2yèm ane lekòl leta egzamen nan lekòl la ant 8:30 am ak 2:30 pm. N ap fè fanmi konnen dat egzamen de jou avan y ap bay egzamen an.

Si w gen yon timoun nan klas matènèl rive 2yèm ane ki malad nan dat egzamen, ou dwe rele lekòl la pou fè konnen timoun lan ap absan. N ap mete yon lòt dat pou l pran egzamen an nan peryòd y ap bay egzamen an. Li posib pou yon elèv ki absan nan dat tè la pran tè la lè li retounen lekòl la.

Y ap teste tout elèv ki nan prematènèl kounye a (leta ak prive) nan lokal santral nan jou wikenn. Paran elèv prematènèl ki soumèt fòm RFT a sou entènèt ap resevwa yon lèt randevou ki soti nan DOE pa imèl ak yon lèt pa lapòs. Paran elèv prematènèl ki soumèt fòm RFT sou papyè ap resevwa yon lèt randevou pa lapòs sèlman. Paran sipoze li lèt randevou a avèk atansyon pou eksplikasyon enpòtan sou dat tè yo.

Avèk senserite,